



Tikè pou Ou Travay

Kisa Tikè pou Ou Travay ye?

Tikè pou Ou Travay (Ticket to Work, TTW) se yon pwogram Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) ki disponib pou moun ki ap viv Florida ki kalifye pou avantaj andikap sekirite sosyal epi ki vle travay. SSA bay tikè yo kapab itilize lakay nenpò patisipan nan Rezo Travay la (EN), tankou VR. Patisipan EN ofri sèvis travay ak re-adaptasyon, ki kapab gen èd pou:

- Kenbe Avantaj lajan kach yo pandan w ap travay
- Konsève Medicaid oswa Medicare pandan w ap travay
- Suivi pou depans ki soti nan pòch ou ki gen rapò ak andikap ou a.

Kilès ki Kalifye pou Sèvis Tikè pou Ou Travay?

Si ou benefisyè Asirans Andikap Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) ak/ oswa Revni Sekirite Siplemanntè (Supplemental Security Income, SSI) pou andikap ou a epi ou gen

**VÈSYONAN
KARAKTÈ KI
GWO**

ant 18 rive 64 lane, ou sipoze kalifye pou sèvis VR yo.

Kouman Mwen Kapab Vin Yon Pwopriyetè Tikè?

TTW disponib pou pifò benefisyè sekirite sosyal ki gen andikap ki koresponn ak kèk kritè. SSA enfòme moun ki kalifye yo pou yo patisipe nan pwogram nou konnen sou non Pwopriyetè Tikè a. Gen anviwon 13 milyon Pwopriyetè Tikè nan pwogram nasyonal sa a, epi anpil nan yo deja ap travay. TTW gratis epi volontè.

Èske Mwen Kapab Konsève Medicaid oswa Medicare Mwen an?

Pandan w ap patisipe nan pwogram TTW, gen prim travay pou ede w konsève avantaj an kach ou yo ak pwoteksyon medikal ou a nan moman tranzisyon ou sou mache travay. Anplis, SSA gen lòt prim travay ki sèvi pon ant avantaj pou andikap ak endepandans finansye.

Kijan mwen kapab aplike pou VR?

Kontakte biwo VR lokal ou a pou soumèt yon fòm oryantasyon. Ou kapab jwenn biwo ki nan lokal ou a nan Rehabworks.org.

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399
800 - 451 - 4327

Servicios de retransmisión de
video y retransmisión de Florida
711 disponibles



www.Rehabworks.org



Depatman Edikasyon Florida
Divizyon Reyadaptasyon
Pwofesyonèl
Programas de Empleo
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.